НÆУÆГ АНЗИ ХУАРЗÆНХÆ УÆ УÆД, АМОНД, ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ ÆМА ФАРНÆ УИН ÆРХÆССÆД!..

2023

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№47 (872) 2022 анзи 29 декабрь – цæппорсей мæйæ

Аргъ 1 туман

АРФÆ



## «НÆ ÆМЗУНД ÆМА ÆМВÆНДИ АРХАЙДИ ФÆРЦИ НИН АЛЦИДÆР БАНТÆСДЗÆНÆЙ!..»

### ЦÆГАТ ИРИСТОНИ СÆРГЪЛÆУУÆГ СЕРГЕЙ МЕНЯЙЛОЙИ НÆУÆГАНЗОН АРФÆ

Цæгат Иристони аргъоцгонд цæргутæ!..

Хъазар æмзæнхонтæ!

Ес уæхæн фæткæ æма Нæуæг анзи хуæдразмæ нимад æрцæунцæ евгъуд дууадæс мæйей хатдзæгтæ æма исонибонмæ нисантæ бæлвурд кæнун. 2022 анз нин берæ цæмæйдæрти уæззау рауадæй, экономикон æма психологон æгъдауæй адтæй зинæвзарæн. Цидæр адтæй, уæддæр мах еугурæйдæр еумæ хуарз бакустан, байархайдтан нæ устур бæстæ æма нæ уарзон Иристони райрæзт æма гъæздугдзийнадæмæ аккаг æвæрæн бахæссунбæл.

Ци анз евгъуйуй, уоми нæ багъудæй исцурæвæрæ ун нури нæуæг рагафæнттæбæл, æнæнгъæлти багъæугæ унаффитæ райсун, махæн æцæгæлон æма зæранхæссæг ка ’й, уæдта нуриуæнгæ ка нæ адтæй, уæхæн фæткити æвзедæнти нихмæ федарæй фæллæуун.

2



### АМОНДГУН БИЙНОНТÆ – НÆ АДÆМИ ФАРНÆ!..

*Нæуæг анзи бæрæгбон рагæйдæр нимад цудæй бийнонти цийнæдзийнадæбæл. Æма нæ еугурей бæлдæ дæр æй, цæмæй Иристони еугур бийнонтæ дæр уонцæ зæрдрохсдзийнадæй хайгин, берæсувæллонгин. Цæмæй си хестæртæ хуæрззæрæ кæнонцæ, кæстæртæ си хуæрзирай уонцæ, сæ нийиергутæ си цийнитæ æма æнтæститæй боз æма сæрустур уонцæ, сæ бий нонти, сæ хеуæнтти нæ Фидибæсти хуарзæн арфиаг гъуддæгутæй æскъуæлхонцæ!..*

http://gazeta-digora.ru

E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

*Нæуæгæнзон ракувд: «О, Устур Хуцау! Æмбал кæмæн нæййес, Дуйнескæнæг Еунæг Цитгин Хуцау, табу Де 'стурдзийнадæн! Дæ бунмæ хуарзæй цидæриддæр ес, уонæй нæ адæм, Иристон рæвдуд куд уонцæ, еци арфæ нин Нæуæг анзи ракæнæ!..»*



# «НÆ ÆМЗУНД ÆМА ÆМВÆНДИ АРХАЙДИ ФÆРЦИ НИН АЛЦИДÆР БАНТÆСДЗÆНÆЙ!..»

Нæ бæсти барæ-æнæбари дæр багъудæй сæрмагонд туъдон операци райдайун, Донбасс багъæуай кæнун æма нæхе паддзахади арæнгонд зæнхи æдасдзийнадæбæл байархайун. Бæрзонддæр Сæйрагкомандæгæнæг **Владимир Путин** ци унаффæ рахаста, е адтæй зин, фал æнæмæнгæ гъæугæ æма раст.

Цæгат Иристони дзиллæ дæр еуварс нæ байзадæнцæ. Мах агъазиау куст бакодтан бархий æфсæддон къуæрттæ исаразун æма сæ исефтонг кæнунбæл, фæдздзурд æфсæддонтæн зæрдиагæй агъаз кæнунбæл. Уотид цæстифæнникъулди бæрцæ дæр æнæргъудийæй сæ нæ уадзæн.

Æруагæс ни кæнуй, нæуæг анз нæ цитгийнаг бæстæн æрхæсдзæнæй уæлахез, æма идарддæр нæ исонибон аразун хабæрттæ кæндзинан, нæ сæрмæ сабурдзийнадæй райдзаст арв, уотемæй. Уомæ гæсгæ ба ни алкедæр æ бунати гъæуама архайа бæрнонæй æма æхсаргинæй, нæ регион æма Уæрæсей экономики, социалон къабаси еугъæдон райрæзтæн цæйбæрцæбæл ахсгиаг æй нæ еумæйаг еугур тухтæй архайд.

Евгъуд анзи дæргъи нæ республикæ идарддæр архайдта национ проекттæ æма паддзахадон программити. Уони нисантæ æнтæстгинæй æнхæст кæнуни фæрци цæрæн рауæнтæй беретеми фæззиндтæй нæуæг нуриккон рæвдауæндæнттæ æма скъолатæ, поликлиникитæ æма фельдшерон-акушерон пункттæ, културии Хæдзæрттæ æма спортивон фæзтæ. Гъудгонд æрцудæнцæ дæсгай нæдтæ, хуæрзфадуатгонд цæунцæ цæрæн рауæнтæ.

Мах идарддæр архайдтан республики зæрдесгæдзийнадæ фæббæрзонддæр кæнунбæл, царди уагъд æрцудæнцæ ахедгæ проекттæ, райдæдта транспортон системи агъазиау райййвд, куст цæуй коммуналон инфраструктурæ иснæуæг кæнунбæл, туристон къабази райрæзтбæл… Ихæстæ берæ 'нцæ. Етæ ни домунцæ федарлæуд, нифс, хъауритæ. Æма ми æруагæс кæнуй, нæ бон ке исуодзæнæй нæ рæсугъд фидиуæзæг цæрунæн никки зæрдæмæдзæугæдæр искæнун.

Хъазар æмбæлттæ! Зæрдибунæй уæ еугуремæн дæр арфæ кæнун, мæ зæрдæ уин зæгъуй, ка евгъуйуй еци анз уин цæмæй æ хæццæ фæххæсса уæ еугур тухститæ æма фудимелитæ, нæуæг анз ба уæхецæн дæр æма уæ хеуæнттæн дæр куд æрхæсса сабурдзийнадæ, удæнцойнæдзийнадæ, амонд, æнæнездзийнадæ æма фарнæ!.. Уадзæ æма иннæ анзи исæнхæст уæнтæ уæ еугур удибæстгин фæндтæ æма бæлдитæ, исуæд уин нæуæг æнтæстдзийнæдти æма æхцæуæн раргомдзийнæдти хæларзæрдæ адæймагон рахастдзийнæдти, тафс æма зæрдрохсдзийнæдти анз.

Нæуæг анзи хуарзæнхæ уæ уæд!..

* * *

Нæ республики Хецауади Хæдзари арæзт æрцудæй акци «Бæлдити назбæласæ». Назбæласæбæл ауигъд æнцæ Метин Дадамæ нæуæгæнзон лæвæрттæ райсунмæ æнгъæлмæ ка кæсуй, еци сабийти финстæгутæ. Æма си республики разамунди иуонгтæй алкедæр райсуй еу финстæг, уоми финст курдиадæ исæнхæст кæнуни фæндæй. Акций архайдта Цæгат Иристони Сæргълæууæг Сергей Меняйло дæр.

Ауæхæн акци ма арæзт æрцæудзæнæй райондти дæр æма цæудзæнæй 2023 анзи январи æстæймаг бонмæ.

## ÆХЦÆУÆН ХАБÆРТТÆ

**Бундорон цалцæги фæсте байгон æй Ирæфи райони поликлиникæ. Нури домæнтæмæ гæсгæ си еугур равгитæ дæр ес адæмæн алливæрсуг медицинон агъаз кæнунæн. Еци агъаз ба еу бонмæ лæвæрд цæудзæнæй 300 сæйгемæн.**

* * *

Дууадæс цæгатиристойнаг бийнонтемæн фæззиндтæй равгæ сæ цæрæнуатон уавæртæ фæххуззæнондæр кæнунæн.

Аци хабар фегъосун кодта нæ республики Гъæууон хæдзарадæ æма хуайраги министради пресс-службæ. «Бийнонтæн цæрæнуат исаразуни кенæ æ балхæнунæн æхца равардтонцæ. Адæмæн лæвæрд æхцай еумæйаг бæрцæ 'й минкъий гъæуагæй 27 миллион соми», – финст æй еу игъосункæнуйнаги.

Амунд программи архайæг адæми ихæс æй æнæмæнгæ гъæуи цæрун æма си агропромышленнон комплекси кенæ социалон къабази косун.

* * *

**Цæгат Иристони сæ цæрæнуатон уавæртæ фæххуæздæркæнуйнаг кæмæн æнцæ, уæхæн 29 цæгатиристойнаг сахъат адæймаги райсдзæнæнцæ гъæугæ субсидитæ.**

**Субсидиесæг адæймæгути номхигъдмæ 2005 анзей фæсте цæрæнуатон хигъдмæ хаст сахъат адæми еумæйаг номхигъди финст æнцæ дæс æма дууинсæй адæймаги. Республикæн 27 миллион сомей бæрцæ æхца ке радех кодтонцæ, уой фæрци уодзæнæй цæрæнуæттæй амунд къуармæ хауæг 29 адæймагемæн фæййагъаз кæнуни фадуат. Еу адæймагмæ хауй фарастсæдæ æма финддæс мин соми.**

## НИФСДÆТТÆГ ЗАГЪДÆЙ ЗÆРДÆ КА БАЙВÆРУЙ, Æ ИСÆНХÆСТ КÆНУНИ ЛÆГДЗИЙНАДÆ ДÆР УОМÆ РАЗИННУЙ!..



# «АДÆМИ ÆУУÆНКÆ НÆ ИХÆСГИН КÆНУЙ БÆРНОН КУСТÆЙ…»

Алли анз анзи кæрони республики сæйраг закъонæвæруйнадон оргæни разамонæг исаразуй фембæлд республики дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæртти хæццæ æма радзоруй, дзуаппон рæстæги дæргъи Парламенти архайд цæйбæрцæбæл æнтæстгин адтæй, закъонæвæруйнадон хъæппæрестæбæл депутаттæ куд кустонцæ, циуавæр ахсгиаг закъонтæ 'рцудæй федаргонд, уонæбæл. Аци фæткæ раидарддæр кодта Цæгат Иристони æвдæймаг равзурст Парламенти Сæрдар **Тускъати Таймораз** æма уомæ гæсгæ æрæги фембалдæй республики дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæртти хæццæ. Дууæ сахаттей дæргъи фембæлди рæстæг Тускъати Таймораз искодта хатдзæгтæ, нæуæг, æвдæймаг равзурст Парламенти архайдæн æма журналистти фарстатæн дзуæппитæ равардта.

Парламенти Сæрдар куд радзурдта, уотемæй, нæуæг равзурст Парламент ци рæстæг бакуста, еци рæстæги, гъома, цуппар мæйей дæргъи арæзт æрцудæй Парламенти аст æмбурди æма Парламенти совети 17 æмбурди. Уони рæстæг каст æма æвзурст æрцудæй 36 регионалон закъонти проекттæ æма 300-æй фулдæр федералон закъонæвæруйнадон хъæппæрестæ. Етæ рахъæрттæнцæ царди еугур къабæзтæбæл дæр – æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнадæбæл, ахурадæбæл, културæбæл, экономикæбæл, промышленностбæл, аграрон къабазæбæл, социалон фарстатæбæл.

Цуппар мæйемæ федаргонд ка 'рцудæй, социалон нисанеуæги еци закъонтæбæл дзубанди кæнгæй, Парламенти Сæрдар хецæн дзубандий аккагбæл банимадта: седзæр сувæллæнттæн цæрæнуат балхæнун сæ бон цæмæй уа, уомæ гæсгæ син сертификаттæ дæттуни туххæй закъон; седзæр сувæллон хæссунмæ ка райста, еци нийййергутæн сæ зæрдæдарæнтæ фæййахедгæдæр кæнуни, уæдта син сæ аллимæйон бафист фæффулдæр кæнуни туххæй закъонтæ; седзæр сувæллæнттæн ахурмæ бацæуни туххæй уæлбартæ аразуни туххæй закъон; æ къох кæмæн нæ амонуй, е хæдзæртти еци цæргутæн сæ хæдзæрттæмæ газ бауадзуни гъуддаги фæййагъаз кæнуни туххæй закъон æма ма берæ æндæртæ.

Санкцити нури уавæрти архайæг минкъий æма рæстæмбес амалгъонтæн фæййагъаз кæнуни нисани хæццæ федаргонд æрцудæй закъонти иннæ къуар. Уотæ, уæлæнхасæн агъазтæ уодзæнæй телекоммуникацион, информацион технологити къабæзти æма дзолфицæн промышленности ка архайуй, еци амалгъонтæн.

Æрцæуæг нæуæг анзи æма æ хуæдфæсте цæуæг дууæ анзи республикон бюджети туххæй дзубанди кæнгæй, Тускъати Таймораз бафеппайдта сæйраг финансон гæгъæдитæн æ социалон æздæхт.

– Парламенти алли фракцити, алли комитетти, депутатти 'хсæн бюджетбæл цудæй берæ дзубанди. Гъуддаг байагурдта берæ куст. Сæ гъудитæ дзурдтонцæ экспертгæ. Уой фæсте имæ каст æрцудæй æхсæнади 'рдигæй дæр, бюджет рацудæй æхсæнадон бакаститæ. Еудзурдæй ибæл цудæй æргом æма берæвæрсуг куст. Уомæ гæсгæ, мæ бон зæгъун æй, Уæрæсей Федераций Президенти Майи указти нисантæн, уæдта, республики ци паддзахадон программитæ æма проекттæ æнхæстгонд цæунцæ, уони кæронмæ рахъæртун кæнуни нисантæн республики еугур косæндæнтти æнæкъулумпи архайдæн бюджет æнхæстæй дæр дзуапп ке дæттуй, уой, – загъта Парламенти Сæрдар.

Парламенти закъонæвæруйнадон архайд фæййахедгæдæр кæнунæн Тускъати Таймораз хуарзбæл банимадта республики Æхсæнадон палати нæуæг искондæма Фæсевæдон парламенти хæццæ æмгустадæ, уæдта Парламенти кустгъон нæуæг адæймæгутæ ке фæззиндтæй æма фæлтæрдгун депутатти хæццæ се 'мархайдæн хуарз фæстеугутæ ке уодзæнæй, уой.

– Геополитикон уавæр абони æй хъæбæр ахсгиаг, æма уой нимайгæй, нæ куст гъæуама уа æнгон, нæ дзубанди – еумæйаг, уæд еци кустæн æ фæстеугутæ дæр уодзæнæнцæ гъæугæ æма ахедгæ. Закъонтæ хæссуни гъуддаг адæймагæй агорй кæдзосзæрдæ, æгъдау æма рæстдзийнадæ. Адæми размæ нæ бæрнондзийнадæ 'й берæ, æма е ироныхкæнуйнаг нæй, – загъта Парламенти Сæрдар.

Уой фæсте Тускъати Таймораз журналистти берæ фарстатæн дзуæппитæ равардта.

**МАЛХЪАРТИ** *Зæлинæ*

НÆ УÆЛИНДЗÆЙ КÆСГÆЙ...


Нæ фидтæлти агъазиаудæр æгъдау – берæ цæуæт исæнтæсун кæнун.

# НÆ ЕУГУР ХУÆРЗТÆН СÆ ХУÆЗДÆР – БЕРÆ ЦÆУÆТ!..

Нæ нури цардиуаги сагъæссагдæр фарстатæй еу æй демографион уавæр, гъома, нæ адæми бæрцæ, куд нæ фæндуй æма гъæуама куд уа, уотæ ке нæ ирæзуй, уобæл æй нæ тухст. Æма куд нæ хетуйæн.

Цæгат-Кавказстат куд фегъосун кодта, уотемæй аци анзи январæй сентябри уæнгæ Цæгат Иристони цæргути нимæдзæ 3221 адæймагей бæрцæ фæмминкъийдæр æй. Фараст мæйей дæргъи нæмæ райгурдæй 5594 сувæллони – е æй, фари еци рæстæги хæццæ рабаргæй 4,4 процентей минкъийдæр. Раст зæгъгæй, фари хæццæ рабаргæй, ка рамардæй, уони нимæдзæ фæмминкъийдæр æй 6,7 процентей (6075 адæймаги). Аци анзи фараст мæйемæ нæ республики арæзт æрцудæй 1987 къайади, ихæлд къайæдти нимæдзæ ба рауадæй 2894. Ихæлд къайæдти бæрцæ фари хæццæ рабаргæй фæффулдæр æй 37,5 процентей, арæзт къайæдти бæрцæ ба 4,2 процентей фæмминкъийдæр æй.



Нæ республики демографион уавæри æма уой фæххуæздæр кæнунæн циуавæр мадзæлттæ исаразун гъæуй, уой фæдбæл ахургонд-демограф, экономикон наукити кандидат **КЪАБЕРТИ Нодар** зæгъуй æ гъудитæ.

**– Нодар, 2022 анзи демографион уавæр нæ республики циуавæр æй, уой фæдбæл ес статистикон бæрæггæнæнтæ. Æма етæ цæйбæрцæбæл æнхæст æнцæ?**

– Раст зæгъгæй, мæ зæрдæмæ нæ цæуй, демографион уавæри бæрæггæнæнтæ мæйæгай ке нимайæн, е. Ахид рауайуй уотæ, æма анзи райдайæни еу хузи демографион статистикæ фæууй, анзи кæронмæ ба – æндæр хузи. Уой туххæй, мæнмæ гæсгæ, статистикæ гъæуй аразун анзи кæрони.

Еумæйагæй статистикæ ку райсæн, уæд ан хъæбæр лæгъуз уавæри. Æз бæлвурддæрæй зонун демографи амонæг нимæдзтæ, æма уин зæгъдзæнæн, гъуддаг хуæздæрæрдæмæ ке нæ цæуй, уой. Демографион процесстæ ’нцæ цалдæр: сувæллæнттæ цæйбæрцæ райгурдæй æма адæмæй цæйбæрцæ рамардæй, цал нæуæг бийнонти фæззиндтæй æма цал бийнонти рахецæн æнцæ, æма миграци, уонæй еу дæр нæ республики нæ фæррæстмæ ’й. Айдагъ 2022 анзи нæ, фал нур дæс æма инсæй анзей дæргъи нæмæ демографион уавæр фуддæрæй-фуддæр кæнуй.

**– Æма уæд уавæртæ фæххуæздæр кæнунæн ци гъæуй?**

– Аци фарстæн зин æй раттун алцæмæй дæр æнхæст дзуапп, уомæн æма дуйнейи демографтæ кæдæй æма кæдæй ардæмæ уобæл косунцæ æма архайунцæ, фал, еузагъдæй, нæййес фæннисан гæнæн, ци гъæуй исаразун демографи фæххуæздæр кæнунæн, уой туххæй. Уомæн æма алли бæстити, алли регионти дæр ес хецæндзийнæдтæ æма демографи фæххуæздæр кæнуни фæдбæл си хе мадзæлттæ гъæуй, цæмæй бæлдтаг пайда хæссонцæ. Уой туххæй регионти ес сæхе демографтæ, етæ исбæлвурд кæнунцæ демографион къурцдзæвæни лазæ æма уавæр цæй фæрци фæххуæздæр кæнæн ес, еци гæнæнтæ æма равгитæ.

Сагъæссаг уавæри айдагъ Цæгат Иристон нæй. Уотæ ’й Уæрæсей регионти 24 процентеми. Раст зæгъгæй, ес цалдæр регионы, кæцитæми уавæр æй хуæздæр – Мæхъæли, Цæцæни, Дагестани. Фал Уæрæсей регионтæ ’нцæ хъæбæр тухст æма, федералон программитæй уæлдай сæ регионтæ не ’скæнунцæ хецæн программитæ демографион уавæр фæххуæздæр кæнунæн. Махмæ дæр уæхæн программæ нæййес. 2010 анзмæ адтæй циуавæрдæр, фал уомæй дæр берæ пайда нæ адтæй. Нуриуæнгæ ба нæ регионæн уæхæн дæр нæбал ес. Хуарз æма уæддæр Федералон министради проектти фæрци куддæртæй цæрæн.

4

ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



Сталин Тегерани 1943 анзи конференций рæстæг Рузвельт æма Черчилли уоййасæбæл бакъуми кæнидæ æма си етæ бустæги исгъигæ ’нцæ, архайдтонцæ уæддæр æй естæмæй баунгæг кæнун.

Уæд дин еухатт, сæ сæумон æмбурди размæ куд дзубанди кодтонцæ, уотемæй дин Черчилль ку зæгъидæ:

– Айсоми уæхæн фун фæууидтон, цума дуйней баргин исдæн!..

– Мадта æз ба, – загъта Рузвельт, – уæхæн фун фæууидтон, цума дун-дуйней баргин исдæн!.. Ду ба циуавæр фун фæууидтай, маршæл Сталин?

– Æз ба уæхæн фун фæууидтон, – еци сæрбæрзондæй дзуапп равардта Сталин, – цума нæ исфедар кодтон нæдæр дæу, тубай Черчилль, нæдæр дæу, тубай Рузвельт...

* * *

*Черчилль æма Рузвельти бундартæ, Англис æма Америки Еугонд Штатти нури баргинтæ дæр, æвæдзи, сæ фунти уидтонцæ, дуйней баргинтæ ’нцæ, зæгъгæ, æма е баруагæс æй. Фал син Уæрæсей разамунд хъæбæр æргомæй балæдæрун кодта, сæ фунтæ цæйбæрцæбæл раст нæ ’нцæ æма сæ фæффудевгед кодта се ’рра бæлдитæй. Уомæй фæззæрдрист уогæй, нур ба нæ паддзахади нихмæ аразунцæ аллихузон фудмиутæ, сæ рæуузунд хъозонти нæбæл æнседунцæ. Фал... Нæ рагфидтæлтæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Æрра бæхбадæг догъи нæ разæй кæнуй...»*



**Дмитрий ЛИХАЧЕВ (1906-1999), академик: «Хе адæм хуæрзлæдæрдæй уарзундзийнадæ нецихузи ес исеугæнæн иннетæбæл æнæнвæрсондзийнади хæццæ...»**

* * *

Кæддæр æмцæдесонтæ ка адтæй, еци республикитæ Советон Цæдеси фехæлди фæсте хебарæ паддзахæдтæ ку фестадæнцæ, уæд сæ баргинтæ сæхе, гъома, бундорон адæми сæрбæл дзоруни рæуонæй æнæуинондзийнади хузи кæсун байдæдтонцæ уоми цæрæг иннæ адæмихæттити минæвæрттæмæ, аллихузи сæ æфхуардтонцæ... Уой фудæй ба «сæхе» адæмтæ берæ цæмæйдæрти гъигæдард æййафунцæ... Нæ рагфидтæлтæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Еске ка маруй, е æхе дæр рамæрдзæнæй...»



**Антон МАКАРЕНКО (1888-1939), педагог, финсæг: «Гъомбæладæн æ сæйрагдæр медес уой медæгæ ’й, æма хестæреуæггæнæг фæлтæр æ фæлтæрддзийнадæ, æ уæлмонц, е ’ууæндундзийнадæ раттуй кæстæреуæггæнæг фæлтæрмæ...»**

* * *

Нæ рагфидтæлтæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Хестæр – амонæг, кæстæр – ахуадæг...» Ауæхæн зундирахаст ци адæми уодиконди нæ уа æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаги ихæси хузæн, уомæн, баруагæс уи уæд, æ уæхæн цийфæндидзийнадæ фæсмойнаг исуодзæнæй исонибони – уогæ ин аккаг исонибон дæр кæми уодзæнæй...



**Ги де МОПАССАН (1850-1893), французаг финсæг: «Æхе ка нæ нимайуй, е фудæбойнаг æй, æхецæй æгæр боз ка ’й, е ба – æдули...»**

* * *

Цума нæ нури хецауеуæггæнгутæ ба кæцитæмæ хаунцæ? Еумæй, сæхе æгæрдæр ма нимайунцæ, гæнæн æма амал цийййес, уомæй сæхе некæцихузи фенæхай кæндзæнæнцæ, уой хæццæ ба сæхецæй хъæбæр ниббоз унцæ. Уой дæр – æнæфсæрмийæй. Ихæсгин ци адæмæй æнцæ, етæ ба боз æнцæ æви нæ – е сæмæ нимади дæр нæй...

АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# БÆРÆГБОН ЦИЙНÆ ÆМА ЛÆВÆРТТÆЙ ФЕДАУЙ!..

Æрхæстæг кæнуй анзæн æ кæронбæттæнгæнæг æма нæ дзиллæн уæлдай зæрдрохсдзийнадæ хæссæг бæрæгбон – Нæуæганзон бæрæгбон. Алкедæр ни уомæ æхе уæлдай æновудæй фæццæттæ кæнуй, уой размæ, æвæдзи, ауæрдгæ цæбæл фæккæнуй, уони дæр нæ бавгъау кæнуй еци бон æхе дæр, æ бийнонти дæр, æ хеуæнтти дæр, æ зонгити дæр барæвдаунæн. Уогæ нури берæ цæмæйдæрти гъæуагæ уавæрти ка ’й, кæмæндæрти, куд сæ фæндуй, уотæ исæнхæст кæнун нæ бантæсдзæнæй. Æма Нæуæг анзи бæрæгбонмæ цæттæ кæнгæй, ци исаразуйнаг æнцæ, зæгъгæ, дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг æртасгутæ уæрæсейæгтæй ке бафарстонцæ, уони дзуæппитæ адтæнцæ мæнæ ауæхæн (процентæй нимайгæй).

Цидæр æй, уæддæр уæ нæуæгбонон бæрæгбон уæбæл райевгъуйæд цийнæйдзагæй æма нæуæг анзи ба уæ цардиуагæ фæрнæйдзагдæр уæд!



**Нæуæганзон ракувд:** ***«Нæ гъæутæй, сахартæй киндзæхсæвæрти æма кувдтити игъæлдзæгдзийнадæ, нæ хæдзæрттæй ба ирæзгæ сабийти æстуф еудадзуг куд игъуса, еци хуарздзийнадæ нин нæ Исфæлдесæг исаккаг кæнæд!.. Хестæри зундæй - разæнгард, кæстæри хуæрзæгъдауæй ба æнхæст куд уæн!..»***

# НÆ ЕУГУР ХУÆРЗТÆН СÆ ХУÆЗДÆР – БЕРÆ ЦÆУÆТ!..



Демографион уавæр фæххуæздæр кæнуни мадзæлттæбæл ку дзорæн, уæд фиццаг гъæуама лæмбунæггæй бакосæн къурцдзæвæнмæ нæ ци рæуæнттæ тæрунцæ, уонæй нæхе иссæребарæ кæнунбæл. Етæ ба 'нцæ мæнæ ауæхæн фарстатæ: «Цæмæннæ цæуунцæ киндзи?..», «Цæмæннæ кæнунцæ бийнонтæ?..», «Цæмæннæ бæллунцæ æригон бийнонтæ зæнæг æнтæсун кæнунмæ?..», «Цæмæн хецæн кæнунцæ бийнонтæ кæрæдземæй?..», «Цæмæн цæунцæ нæ фæсевæд Иристонæй?..», «Цæмæн уоййасæбæл берæ адæм ни мæлуй?..»

Статистикæмæ ку 'ркæсæн, уæд уæлдай лæгъуздæр уавæри æй миграций къæпхæн – республикæй æригон адæм ледзунцæ æндæр рауæнтæмæ. Еци æригæнттæ цæунцæ ахур æма кусти тухххæй – сæ цард фæххуæздæр кæнунмæ. Етæ хуарз цæрди фæдбæл рандæунцæ, республики ба фæсевæди нимæдзæ минкъийдæр кæнуй. Еугонд Нацити Организаци исаразта демографий къуæртти нимайæн барæн (шкала). Аци къуарæн си ес æхе менеугутæ. Миграци нимайæн шкала ба зæгъуй, æртинсæй анземæй фулдæр ци адæмбæл цæуй, уони нимæдзæ 18 процентей бæрцæй ку рахеза, уæд наци райдайуй зæронд кæнун. Махмæ ба Иристони рацæргæ адæми нимæдзæ 'й 22 проценти. Æригон адæми нимæдзæ ба анзæй-анзмæ минкъийдæр кæнуй.

Миграций рандæуæг адæми нимæдзæ æма цæй фудæй рандæнцæ, е ба 'й демографион къæпхæнтæй алкæмæй дæр æнцондæр нимайæн. Сæ сæйрагдæр – мизд. Уæрæсей мизди статистикæмæ ку 'ркæсæн, уæд уинæн Иристон, иннæ регионти 'хсæн, 65-аг бунати ке лæууй, уой. Еци статистикæ, куд æхсæнади цардарæзти иннæ къабæзти уавæртæ равдесунæн, уотæ демографи равдесунæн дæр, алли анз искæнуй Уæрæсей федералон паддзахадон статистики службæ.

Демографион процесстæ еугурæйдæр баст æнцæ кæрæдзебæл: æригон адæм ку рандæунцæ кустагор, уæд сæ нимæдзæ фæмминкъийдæр уй, уой хæццæ ба ма нæмæ сувæллæнттæ игуруни бæрцæ дæр фæмминкъийдæр уодзæнæй. Зæрæндтæ байзадæнцæ – мæлæг адæми нимæдзæ дæр фæффулдæр уй. Еци процесстæ ци уавæрмæ тæрунцæ нæ Иристон, е æй æнцон нимайæн.

Ахид фегъосун, региони кусти равгитæ ку ес, хуарз кæми 'нцæ, уордæмæ уæд æригæнттæ цæмæннæ цæунцæ бийнонти гъуддаг бакæнгæй, уоми цæмæннæ æрцæрунцæ, зæгъгæ. Фал, æркæсæнай, циуавæр куст æма си ци мизд ес? Кæд æма си уавæртæ уæхæн æнцæ, æма æригон адæймаг айдагъ æхе фæддарунгъон дæр си нæ уодзæнæй, уæд бийнонти гъуддаг куд бакæндзæнæй? Нæ рагфидтæлтæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Кæсалгæ дони арфмæ цæуй, лæг ба, кæми ин хуæздæр æй, уордæмæ...»

Куд загътон, уотемæй миграцион статистикæ Цæгат Иристони тæккæ лæгъуздæр уавæри æй, фал ма уой хæццæ ба зæгъун гъæуй уой дæр, æма ка рамардæй, уони нимæдзæ дæр æй устур, нæ синхæгти демографион уавæри хæццæ рабаргæй. Бустæги хестæр адæм ке мæлунцæ, е лæдæрд æй, базæронд æй æма рамардæй, фал, гъулæггагæн, æригон адæм дæр мæлунцæ – аллихузон фидбилизти, уотæ наркотиктæ, фурниуæзти æма æндæр адзæлтти фудæй.

**– Нийййергути капитал, зæгъгæ, ке хонунцæ, е уавæр фæххуæздæр кæнунæн агъаз æй?**

– Мæнмæ гæсгæ, е хуарз æргъудигонд мадзал æй, æма агъаз дæр кæнуй, фал си ес цалдæр аййеппи: зæгъæн, фиццаг сувæллон æхца райсуни зæрдтæй дин исæнтæсæд, е раст æй? Украини раздæр æргъуди кодтонцæ аци мадзал, æма уотæ рауадæй – силгоймæгтæ, нийййерæги капитал райсгæй, сæ сувæллæнтти ниуудзиуонцæ. Махмæ 'й уайтæккæдæр уой тухххæй нæ дæттунцæ, фал уæддæр æ тухæ демографийæн уоййасæбæл ахедгæ нæй. Еци капитал, нæ бæсти рæстæмбес миздмæ бафтаугæй, уæддæр не 'йййафуй размæцуд бæстити ци мизд ес, уой.

Уоййасæбæл зæрдæмæдзæугæдæр нæ кæнунцæ нæ царди уавæртæ. Адтæй Уæрæсей уæхæн хуарз демограф – Валерий Елизаров. Е дзурдта, зæгъгæ, куд гъæуама фæххуæздæр уа демографион уавæр, кæд æма уосæ æма лæг дууемæй дæр косунцæ, фал син дуккаг сувæллон ку райгура, уæд бийнонтæн сæ равгитæ нæбал хъæртдзæнæнцæ, зæгъгæ. Германий ба ес уæхæн политикæ – паддзахадæ æ адæми материалон æма социалон уавæр фæххуæздæр кодтонцæ æма бийнонтæ сæхуæдтæ унаффæ кæнунцæ, цал сувæллони сæ гъæуй, уобæл. Махмæ ба бийнонтæ æнгъæлмæ кæсунцæ, нийййерæги капиталмæ, кæд сæ уавæртæ уой фæрци фæххуæздæр уайуонцæ. Уотемæй нийййерæги капитал æнæгъæнæй уоййасæбæл агъаз нæ кæнуй аци фарста ралух кæнунæн.

***– Дæумæ гæсгæ, никкидæр ма ци мадзæлттæ исаразун гъæуй, цæмæй нæ адæм сæ исонибонмæ зæрдæрайгæй кæсонцæ?***

– Цæмæй демографион политикæ коса, уой тухххæй гъæуй цуппар мадзали: æхца, демографион политикæ æнхæстгæнæг паддзахадон оргæн, закъон кенæ программæ, цуппæрæймаг ба – адæмæн балæдæрун кæнун, ци уавæрмæ цæуй нæ наци, уой. Еугурæйдæр гъæуама еумæйагæй косæн нæ демографион уавæр фæххуæздæр кæнунбæл.

Алцæмæй раздæр демографион къурцдзæвæни равзурдæй Франци. Æма си хецаудзийнадæ хуарз байархайдта демографион мадзæлттæ искæнунæн. Зæгъæн, фидæн æртиккаг сувæллон ку райгуридæ, уæд ин æ мизд дууæ хатти фæффулдæр кæниуонцæ. Фал алцæмæй дæр хуæздæр ба паддзахадæ байархайдта адæми зундирахастбæл – балæдæрун син кодта, ци уавæрмæ æрцæуудзæнæнцæ, ку нæ æнтæсун кæнонцæ зæнæг, уæд – Франций цæргутæ французæгтæ нæбал уодзæнæнцæ. Фæстаг рæстæги, раст зæгъгæй, уонæн дæр сæ уавæр фæффуддæр æй.

Куд загътон, уотемæй ранимад цуппар мадзали еумæ ку косонцæ демографибæл, уæд нæ республики уавæр хуæздæр уодзæнæй.

**– Социологтæ куд исбæрæг кодтонцæ, уомæ гæсгæ тæккæ зиндæр æй, берæ сувæллæнттæ кæмæн ес, уонæн. Уæхæн дзубанди дæр цæуй, гъома, скъолай дзаумæуттæ, ахургæнæн киунугутæ син дæттун гъæуй лæвар...**

– Фæстаг рæстæгути муггаги кувдтитæ ахид райдæдтонцæ кæнун, æма мæ еууæхæни Плити кувдмæ фæххудтонцæ. Еу æмбал мин ес Плитæй, ес ин авд сувæллони, æма син кувди уой кой ракодтон, зæгъун, искæнетæ æма ин муггагæй фæййагъаз кæнетæ. Æма мин си кадæртæ уæхæн дзуапп равардтонцæ: «Æма сæ нæ нифсæй æнтудта?..» Гъулæггагæн, берæсувæллонгин бийнонтæмæ уæхæн цæстæй кæсун, æма уонæн фæййагъаз кæнуни гъуддаги тухххæй уотæ ку гъуди кæнæн, уæд нæ ирондзийнадæ æма еудзийнадæ ци 'нцæ?

Нури Цæгат Кавкази федералон зилди зæнхæбæл цæрæг адæмихæттити 'хсæн, 1959 анзи ирæнтти нимæдзæ адтæй 11,2 проценти, нур ба ан 7 проценти. Æма уой фæдбæл фарста: 4 проценти ци фæцæнцæ? Уæрæсей федералон паддзахадон статистики служби бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, 15 анзей фæсте уодзинан 6 проценти, уой æз нæ æримистон, сæ сайти сæ иссерун æнгъезуй. Уой хæццæ, Хонсари адæм нæмæ ку не 'рбалигъдайуонцæ, уæд 6 проценти дæр нæ адтайанæ.

Мадта берæсувæллонгин бийнонти уавæртæ дæр хуарз нæ 'нцæ, æма син паддзахадæ ке агъаз кæнуй, е хъæбæр хуарз æй, фал ма син мах дæр ма ку агъаз кæнианæ, уæдта бустæги хуарз уайдæ хабар.

**– Нæ адæми фæстаг съезди ци ахсгиаг фарстатæбæл цудæй дзубанди, уонæй еу адтæй, гъæутæ æдзæрæгæй ке байзадæнцæ, е. Берæ сувæллæнттæ кæмæн ес, уонæн гъæуи зæнхи хай лæвæрд ку 'рцæуидæ, уæд син уоми бæлдтагдæр æма æнцондæр цæрæн уайдæ?**

– Кæддæр уæхæн фембæлдтитæй еуеми пайда кодтонцæ мæ киунугæй – истонцæ си æрмæг, дзурдтонцæ ибæл, фал, еци киунугæ ка ниффинста, уой ба нæ зудтонцæ. Уотæ рауадæй æма Къесати Славик дæр уоми адтæй, æма син уотæ загъта, Къаберти Нодари, дан, цæмæннæ фæрсетæ, е демограф ку 'й. Е ба, дан, ка 'й, зæгъгæ, фæккодтонцæ. Уæд æз дæр мæ къох исдардтон, е адтæй, фиццаг хатт дзурди барæ ку райстон, уæд. Статистикæ син равдистонцæ, фæдздзурдтонцæ, дæнцæгтæ фæххастонцæ. Загътонцæ: гъæуй демографибæл бакосун, дæу ба не 'мбурдмæ æрбахондзинан еци фарстати фæдбæл. Уобæл фæцæй сæ фæндæ. Куд фæззæгъунцæ, абони бони дæр ма мæ хонуйнаг æнцæ.

Уæхæн æмбурдти адтæн дууæ хатти – Хонсар æма Цæгати. Дууæ хатти дæр си дзубанди цудæй, хестæр кæми гъæуама бада, сæр æма бæрзæй æвæруни æгъдау куд æнхæст кæнун гъæуй, кæстæр кæци рауæн гъæуама лæууа æма уотæ идарддæр. Æндæр сæмæ нецæй сагъæс адтæй... Нæ адæми исонибони фæдбæл арæзт фембæлдтити уæхæн фарстатæй ку нæ рахезæн, уæд исæфтмæ цæуæн.

**– Нæ алфамбулай цæрæг адæмихæттити кой ку кæнæн, уæд æй зонæн, берæ сувæллæнттæ син сæ дин дæр амонуй. Æма махæн дæр нæ фидтæлтæй е байзадæй, цæмæй бийнонтæ уонцæ берæцæуæтгин. Фал нæ адæми «сæрбæлдзоргутæ» нæ еци æгъдæуттæбæл нæ дзорунцæ, фал цæмæдæр гæсгæ, сæ дзубандитæй иселлæг унцæ цидæр фæрсаг гъуддæгутæбæл. Ду куд гъуди кæнис?**

– Цæмæдæр гæсгæ, рæвдзæ ан Европи адæмти царди уагæвæрд фæнзунмæ, уоми ба уоййасæбæл хуарзæй неци ес, уой хæццæ ба берæ цидæртæ зæранхæссæг æнцæ нæ демографийæн. Нæ фидтæлтæй нæмæ хуарз æгъдæуттæ байзадæй еци фарста ралух кæнуни фæдбæл: зæгъæн, бийнонти гъуддаг бакæнун ке фæндадтæй, уомæн агъаз кодтонцæ, зеутæ дæр исаразиуонцæ, седзæртæн дæр агъазгонд цудæй. Æнсувæртæй еу ку рамæлидæ, уæд е 'нсувæрæн барæ адтæй уой бийнойнаги ракорун, кæд æхецæн бийнонтæ уидæ, уæддæр седзæртæ æ бæрни бацæуиуонцæ. Е дæр уой тухххæй, æма седзæр бийнонти фæккæсæг гъудæй. Уой хæццæ, бийнонтæ исаразунæн æригæнтти кæрæдземæн амонгæ кодтонцæ. Дууæ муггаги ци хæстæгдзийнадæ разагътонцæ, уой фехалун бавзаронцæ, рахецæн уонцæ! Кунæг!.. Уæдта ма иннæ хабар ба уой медæгæ 'й, æма нури уавæрти фулдæр хæттити бийнонтæ рахецæн унцæ, цæмæй син закъонмæ гæсгæ равгæ уа социалон феддонтæ есунæн. Е дæр, ке зæгъун æй гъæуй, æй устур аййеп нæ экономикон уагæн.

**– Нодар, куд дæмæ кæсуй, нæ адæми æгъдæуттæ æма фæткитæ царди аккаг бунат ку æрахæссиуонцæ, уæд иннæ фарстатæн дæр æнцондæр лухгæнæн нæ уайдæ?**

– Дзорун еу æй, иннæ ба – аразун. Гъулæггагæн, абони мах аразгæ нæ, фал фулдæр дзоргæ кæнæн. Иннæ æведауцæ хабар ба ма е æй, æма абони беретæ се 'рвадтæлти нæ, фал сæ хуæрти æма се 'нсувæрти хæццæ син ци хеуондзийнадæ ес, е хъæбæр æрнидæн æй, ка си куд цæруй, цитæ косунцæ, сæ уавæртæ куд æнцæ – уомæн Хуцау æ зонæг.

Æгъдæуттæ еугурæйдæр сарсинæй лæуарун гъæуй: сæ хуæздæртæй син пайда гъæуама кæнæн, абони аккаг си ка нæбал æй, уонæй ба гъæуама цох уæн. Æма уæд, ке зæгъун æй гъæуй, берæ фарстатæ растдæрæй, пайдадæрæй æма æнтæстгиндæрæй лухгонд цæудзæнæнцæ.

***КЪАБЕРТИ Нодари хæццæ***
***дзубанди кодта***
***ГОБОЗТИ Агундæ.***

# «АДÆМИ ÆГЪДАУБÆЛ ИСАХУР КÆНУН ГЪÆУЙ!..»

**Нæ газети абони номери мухур кæнæн нæ республики Сæргълæууæг Сергей Меняйлойи нæуæгaнзон арфæ. Æма си куд зæгъуй, уотемæй, кæд æма нæ цардиуаги фæххуæздæрмæ бæллæн, уæд ни алке гъæуама архайа, ци гъуддаг ин ихæсгонд æй, уой бæрнонæй æма гъæугæ хузи æнхæст кæнунбæл. Уогæ е нури рæстæгути домæн нæй – рагæйдæр е адтæй цийфæнди цардарæзти дæр. Уобæл дзорæг æнцæ, мæнæ дæлдæр ци хабæрттæ æримистан, етæ дæр.**



### «ÆЗ ДÆР ХУМÆТÆГ АДÆМÆЙ ДÆН...»



Паддзах Екатеринæ I «æхемæ ке æрбахæстæг кодта», еци инæлар-фельдмаршæл Петр Румянцев – Задунайскийи фураййев галауани уæттæй еуеми адтæй, фæрæтæй амад тæрсин къелатæ.

Æ еци миуæ æнæлæдæрд адтæй еугуремæн дæр. Ахид æй бафæрсиуонцæ, гъома, е куд æй – галауани уæхæн фургъæздугдзийнадæ уæхæн хумæтæгдзийнади хæццæ æмхæлæмулæ?!. Æма син раттидæ дзуапп:

– Фураййев уæттæ мæ радзæгъæлтæ кæнунцæ æма мæ рæбун ка 'й, уонæй мæхе уæлдæр æнгъæлун байдайун. Аци тæрсин къелатæ ба мин мæ зæрдæбæл æрлæуун кæнунцæ, æз дæр уони хузæн адæймаг ке дæн, уой...

### «ФЕДАРДÆР МА КÆМИ ФÆУУЙ...»



Потемкин Орлови фæсте императрицæ Екатерини уарзон ку иссæй, уæд сабийæй ци гъæуккаг диникустгæнæгмæ ахур кодта, е уой ку æригъуста, æма æ кæддæри ахурдзау уæхæн номгин лæг иссæй, уæд æй исфæндæ кодта, бабæрæг кæнун – кæдимайди ба ин хуæрзауодæг фæууидæ æма фæййагъаз кæнидæ естæмæй.

– Хуарз, ести дин кæндзæнæн, – загъта ин Потемкин. – Æцæг, циуавæр лæвар дин исбæззидзæй?

– Гъе уой ба нæ зонун. Дæхуæдæг ести æргъуди кæнæ.

– Исаакиеви фæзæ зонис? – бафарста 'й Потемкин. – Фæуууидтай си Цитгини монумент?

– Гъай-гъай æй зонун!

– Гъема цо, æркæсæ æ бунати ма лæууй, æма мин уайтæккæдæр фегъосун кæнæ.

Дьяк, куддæр ин загъд адтæй, уотæ 'й исæнхæст кодта.

– Цæй, ци зæгъдзæнæ? – бафарста æй Потемкин, фæстæмæ ку фездахтæй, уæд.

– Лæууй, дæ райдзастдзийнадæ.

– Федар?

– Федардæр ма кæми фæууй, дæ райдзастдзийнадæ.

– Гъема хуарз. Ду уомæ дæ цæстæ дарæ алли сæумæ дæр æма мин дурусæй фæххабар кæнисæ. Мизд ба дин фист цæудзæнæй мæ æфтуйæггæгтæй. Гъе нур ба дæ барæ ес уæхемæ цæунæй.

Дьяк рамæлæти уæнгæ æнхæст кодта æ еци ихæс æма рамардæй Потемкинæн арфæ кæнгæй.

### «МÆНГÆДЗИЙНАДÆ – ХЪÆБÆР УСТУР ТÆРЕГЪÆД ÆЙ!..»



Император Александр 1824 анзи Екатеринославли губернæбæл цæугæй, æрлæудтæй еуердигон станцитæй еуеми цай рацумунмæ. Цалинмæ самовари хæццæ архайдтонцæ, уæдмæ дзубандитæбæл фæцæй станци цæстдарæги хæццæ. Æ фингæбæл ин Нæуæг Нистауæни (дини киунугæ) рауингæй, рафарста æй:

– Ахид æркæсис аци киунугæмæ?

– Еудадзугдæр æй кæсун, дæ бæрзонддзийнадæ.

– Хуарз. Кæсæ, кæсæ, – загъта император. – Е хуарз гъуддаг æй. Уоди фарнæ ку агорай, уæд уæлзæнхон амонд дæр исердзæнæ. Æма си нур цæй уæнгæ рахъæрттæ?

– Кæдзос апостол Матфейæй Евангелий уæнгæ, дæ бæрзонддзийнадæ.

– Паддзах цæстдарæги цæмæдæр фервиста. Е ку фендæй, уæд, Матфейæй Евангелий тъæффитæй еуей райергæй си сæдæгай сомей фондз гæгъæдий æхца райвардта æма уотемæй киунугæ рахгæдта.

Рацудæй цалдæр къуæрей. Фæстæмæ уобæлти æздæхгæй, паддзах бауорамун кодта еци станций рази.

– Дæ бон хуарз, мæ рагон зонгæ, – загъта цæстдарæгæн. – Æнæ мæнæй ма кастæ Евангели?

– Куд нæ, дæ бæрзонддзийнадæ, аллибон дæр æй кæстæн.

– Æма си цæй уæнгæ бахъæрттæ?

– Кæдзос Лукай уæнгæ.

– Гъæйдæ æркæсæн имæ. Рахæссай ардæмæ дæ киунугæ.

Паддзах æй рахæлеу кодта, æма æхцатæ кæми байвардта, раст гъе уоми сæ иссирдта æнæвнæлдæй.

– Мæнгæдзийнадæ – хъæбæр устур тæрегъæд æй! – загъта, æма е 'хцатæ уордигæй райста.

### «МÆ ХЕУОН ИНÆЛАРТÆ БА МÆ НÆ ИГЪОСУНЦÆ!..»



Император Николай I кæддæр æфсæддон маневрти рæстæг цидæр бардзурд равардта, фал æй, куд гъудæй, уотæ нæ исæнхæст кодтонцæ, æма æфсæддон рæнгъити бæрæг хæлæмулæ рауадæй. Паддзах уайтæккæдæр фæдздзурдта, æмæнтъери ци хайии рауадæй, уой командæгæнæгмæ, æма си карзæй байагурдта дзуапп. Куд рабæрæг æй, уотемæй ин инæлар æ бардзурди дзурдтæ нæ фегъуста.

– Мæ гъæлæс мин игъосуй æнæгъæнæ Европæ дæр, мæ хеуон инæлартæ ба 'й нæ игъосунцæ!.. Ходуйнаг æй, инæлар!.. – æ цæстæмæ ин бадардта император.

### «ГЪÆУАМА ФЕДАР ФÆЛЛÆУУÆН!..»



...Владимир Ленини æмгустгæнæг Глеб Кржижановский æ имисуйнæгти финста: «Еу инженерæн 1921 анзи тæрхон рахастонцæ, паддзахадон ихæс ке не 'сæнхæст кодта, уой туххæй. Æз Владимир Ильичæй курдтон раст æй æма æй раудзæн, зæгъгæ. Е мæ хæццæ не 'сарази æй:

– Уадзæ æма еу-дууæ анзи рабада. Адæми æгъдаубæл æй исахур кæнун гъæуй. Гъæуама федар фæллæууæн!..»

Уотæ æнгъæл дæн, æма мæ бæлæдæрдтайдæ, аци цау цæмæ гæсгæ раймистон, уой...

### «КЕНÆ НЕФТЬ – КЕНÆ БА...»

Устур Фидибæстон тугъди рæстæг Сталин нæ бæсти уæди хæдзарадон разамонгутæй еуемæн, Николай Байбаковæн байхæс кодта, цæмæй хъæбæр цубур рæстæгмæ байгон кодтайуонцæ нефти нæуæг игурæнтæ. Байбаков хъæбæр батухстæй, уæхæн цубур рæстæгмæ е нæ къохи нæ бафтуйдзæнæй, зæгъгæ. Уæд ин Сталин цубурæй загъта:



– Уодзæнæй нефть – уодзæнæй Байбаков, нæ уодзæнæй нефть – нæ уодзæнæй Байбаков!..

Еци дзубандий фæсте цубур рæстæгмæ нефти нæуæг игурæнтæ байгон æнцæ Татарстани æма Башкирий.

### «ЗАСЯДЬКО БÆРЦÆ ЗОНУЙ!..»

Бæсти дорæвзалуй промышленности министри бунатмæ кандидатæй бахастонцæ еу устур шахти директор Засядькой. Еугурæй дæр си хъæбæр феппæлдтæнцæ, фал кадар уæхæн загъд кодта, гъома, карз ниуæзтæмæ æмхец æй, зæгъгæ.

Уой фæсте Сталин Засядькой æхемæ æрбахудта. Сталин ин агувзи дзаг водкæ рауагъта. Засядько ин арфæ ракодта, дæ цæрæнбон берæ уæд, зæгъгæ, æма агувзи дзаг водкæ фæддæлæмæ кодта.

Сталин ин дуккаг агувзæ дæр рауагъта, æма бабæй уой дæр Засядько инней фæдбæл рауагъта.

Сталин бабæй ин байдзаг кодта æртиккаг агувзæ дæр, фал æй е еуварс æрæвардта æма федарæй загъта:

– Засядько ниуæзтæн бæрцæ зонуй, æмбал Сталин.

Политбюрой нæуæгæй ку æркастæнцæ Засядькой фарстамæ, уæд Сталин æ фарс рахуæцстæй æма загъта:

– Засядько ниуæзтæн бæрцæ зонуй!

Æма берæ æнзти дæргъи Засядько арæхстгин разамунд фæлæвардта нæ бæсти Дорæвзалуй промышленности министрадæн.

### РАВАРДТОНЦÆ ИН ДУУÆ ХУÆРЗЕУÆГИ ДÆР ЕУМÆ

1942 анзи Сталин æ косæнуатмæ фæдздздурта артиллерий зундгонд конструктор В.Г. Грабинмæ æма ин загъта:

– Ду ци дзармадзан исаразтай, е фæййервæзун кодта æнæгъæнæ Уæрæсе дæр. Циуавæр хуæрзеуæг дин радтон – Социалистон Фæллойни Бæгъатæри Стъалу æви Сталини премий?

– Мæнæн си уæлдай нæййес, æмбал Сталин…

Равардтонцæ ин дууæ хуæрзеуæги дæр еумæ.

### «ЦУППАР БОНИ БА ФИНСУНИ КУСТ КÆНÆНТÆ!..»

Сталин æхемæ æрбахудта Фадееви æма Шолохови. Сæ дууемæй дæр цудæй ниуæзти тæф. Сталин сæмæ æхе хæстæгдæр байста æма Шолоховмæ дзоруй:

– Михаил Александри фурт, дæ хуарзæнхæй, зæгъай мин, ду æма Фадеев ниуæзтæбæл ку бафтуйета, уæд е цæйбæрцæ рæстæг рахæссуй?

– Къуæре, æмбал Сталин.

Сталин е 'ргом раздахта, стъоли фарсмæ Политбюрой иуонгтæй ка бадтæй, уони 'рдæмæ æма сабур гъæлæси уагæй загъта:

– Политбюрой иуонгти номæй хæссун уæхæн фæндон: «Фæд-фæди къуæре ниуазунæй Фадеев æма Шолохов рахезæнтæ æртæ боней æмгъудмæ. Цуппар бони ба финсуни куст кæнæнтæ!»

**Нæуæгæнзон ракувд:** ***«Хуцаумæ ковæг адæм ан. Нæ хуæнхбæстæ – изæдбадæн, нæ будуртæ – бæркадбарæн. Хонхæй-будурæй Иристони цидæриддæр изæд æма идауæгæн ковæндонæ ес, табу сæхецæн! Нæуæг анзи нин нæ алли хуарз гъуддагæн дæр агъазгæнæг уæнтæ!..»***



# НÆУÆГ АНЗ КУД БÆРÆГ КОДТОНЦÆ НÆ ФИДТÆЛТÆ

***Рагдзаманти дæр нæ фидтæлтæмæ Нæуæг анз адтæй кадгин бæрæгбон, бийнонти бæрæгбон. Цийнæ ибæл кодта алкедæр – мæгур уа, гъæздуг уа. Нæуæг анзмæ берæ хуарздзийнæдтæмæ æнгъæлмæ кастæнцæ еугурæйдæр. Сæ зæрдæ дардтонцæ, нæуæг амонд, нæуæг бæркад син ке æрхæсдзæнæй, уобæл. Ирон адæм Нæуæг анз куд бæрæг кодтонцæ, уомæн хуарз æвдесæн æнцæ æндæрбæстаг ахургæндти, финсгути гъудитæ æма дзубандитæ.***



**Всеволод МИЛЛЕР (1848-1913),** академик

«Нæуæг анз, дигоронау ба Анзисæр бæрæг кæнунцæ декабри фæстаг кенæ уой размæ майрæнбони. Гъе уомæ гæсгæ æрцæуй уруссаг бæрæгбон Колядий хæццæ еу афони. Зæгъун гъæуй уой, æма е баст æй зуймон хорхæтæни хæццæ, киристон дини цидæр тæваги хæццæ. Аци бæрæгбонæн æ рагон ирон ном куд адтæй, е бæрæг нæй. Æ нури ном Нæуæг анз – нæуæг бон, æвæдзи, цæуй рагкиристон дзаманæй, январæй нимад нæуæг анзæй, уомæн æма зин зæгъæн æй, иpæнтти рагфидтæлтæмæ нæуæг анз январæй райдæдта, е. Бæрæгбони еуæй-еу æууæлтæ 'й хъæбæр бæттунцæ хорхæтæни хæццæ, уæдта уруссаг бæрæгбон Колядæй хæццæ. Бæрæгбони æхсæвæ сæмæ нимад æй табуйагбæл. Уæдмæ æфсинттæ искæнунцæ аллихузи берæ къеретæ, уæдта адæми, цæрæгойти аллихузи дзаумæутти фæлгонцтæ æвдесæг луаситæ, æрцæттæ кæнунцæ басилтæн лæвæрттæ. Хетæгкати Таймураз мин куд радзурдта, уотемæй Нари цæргутæ Нæуæг анз исбæрæг кæнунцæ уотæ: мæнæуи инсадæй исфицунцæ еу агъазиау гудун, хонунцæ 'й деда (гурдзиагау мадæ) æма берæ æндæртæ – минкъийтæ (бицеутæ-бæдæлттæ), ес син аллихузи косæндзаумæутти нæмттæ: дзубур, æфсойнæ, похци æма æндæртæ. Минкъий къеретæ бахуæрун кæнунцæ, бийнонтæн хумæ ка кæндзæнæй, уонæн. Æрцæттæ кæнунцæ æхцинтæ дæр, хонунцæ сæ басилтæ, уæдта агъазиау къере, хонунцæ 'й Æртхорон. Аци агъазиау гудун гъæуама бахуæронцæ бийнонтæ, ескæмæн дæттун си не 'нгъезуй. Е хæссуй дзиуарæ Æртхорони ном.

Бæрæгбонмæ цæттæгæнæн куститæ ку фæуунцæ, гъома, бæгæнийæй, арахъæй, хуайрагæй, фуси фид æма æндæртæ фингæбæл æвæрд ку æрцæунцæ, уæд еугур бийнонтæ дæр æрбамбурд унцæ. Нæлгоймæгтæ рабадунцæ æхсæвæри фингæбæл. Хæдзари хецау æгъдаумæ гæсгæ ци дæргъвæтийнæ кувд ракæнуй, уоми фæззæгъунцæ, Нæуæг анзмæ цæмæ æнгъæлмæ кæсунцæ, уони æма ракоруй Устур Хуцауæй, батабу имæ кæнуй, арфæ ин ракæнуй, ка рандæй, еци анзи туххæй, æ бийнонтæн кæд хуарзæй неци фæцæй, уæддæр. Зæрондæй неци феронх уй, æ бийнонтæн ракоруй, цæмæдæриддæр æнгъæлмæ кæсунцæ, уони еугурæйдæр. Уомæн æма хъæбæр æууæндунцæ еци рæстæг, гъома, анзи райдайæни Хуцау фæиуаруй нæуæг анзи еугур хæрзтæ дæр. Æхсæвæр ку рахецæн уй, уæддæр бийнонтæ нæ нихххуссунцæ, æнгъæлмæ фæккæсунцæ басилтæн сæ арфитæмæ. Гъæуи еугур бицеутæ æма æригон фæлтæр минкъий къуæрттæ-къуæрттæй фæззелунцæ заргæй хæдзаргай. Сæ фулдæр фæуунцæ гъунтъуз ходти æма усхъуммæхадт кæрцити, ку фæззарунцæ æма фæккафунцæ, уæд уой фæсте согфадæнмæ бацæунцæ, согфадæгæгтæ си æрæмбурд кæнунцæ æма сæ кезугай хæдзари пеци рази æркалунцæ. Нæуæг анзи уæбæл уал хуарздзийнади æрцæуæд, зæгъгæ.



**Андрей ШЕГРЕН (1794-1855),** академик

Нæуæг анзи бæрæгбон иронау хуннуй Нæуæг анз. Иpæнттæ еци бон бæрæг кæнунцæ æмхузон иргъæлдзæгæй Нæуæг анзи агъоммæ бицеутæ искæнунцæ æртитæ, æхсæвæй-бонмæ фæссодзунцæ, æма сæ Нæуæг анзи сæумæ дæр нæ нихххуссун кæнунцæ. Хестæртæ æхсæвæй-бонмæ кæнунцæ топпæй гæрæхтæ. Уой фæсте кæрæдземæ цæунцæ арфитæ кæнгæй. Арфæ кæнунмæ ка цæуй, е æ хæццæ æрбахæссуй армидзаг гъæмпихæлттæ кенæ согифадæггæгтæ æма сæ багæлдзуй хæдзари арти, хæдзари хецауæн анзи дæргъи уотæ æ къохтæ идзаг куд уонцæ æма æ бийнонти цардбæл арти хузæн хуæрзæрдæмæ куд ахеда, уой нисанæн. Уой фæсте кæрæдзей исиуазæг кæнунцæ. Фæткæ уотæ амонуй, цæмæй еугурæйдæр бацæуонцæ сæ кæрæдземæ уотемæй, æма, сæмæ, хуæздæр ци ес, уомæй куд исиуазæг кæнонцæ. Уой туххæй алли хæдзари дæр æхсæз къуæрейемæй раздæр Нæуæг анзмæ сæрмагондæй хæссун райдайуй тохъул.

Дуккаг бон бицеутæ фæззелунцæ хæдзæрттæбæл æма зарунцæ Нæуæг анзи зартæ, Нæуæг анзи арфитæ кæнунцæ. Хæдзари хецауæн сæ зæрдæ фæззæгъуй, цæмæй сæ лæг саг рамара, æ уосæ ин бицеу нииййара, æ хæдзари бæркад куд уа, алцæмæй дæр æнхæст куд уа. Уой фæсте си æрагорунцæ хуæрзеуæгæн хуни хай. Раттунцæ син къеретæ æма басилтæ. Хæдзари æфсийнæ син ку неци раттуй, уæд уайтæккæ бицеутæ æндæр зар исесунцæ, растдæр зæгъгæй ба, раздæри зари дзурдтæ, гъудитæ усхъуммæ кæнунцæ, хæдзари хецау цæлæмбуд ке æй, уой ин æ цæстæмæ бадарунцæ зари.



**БЕРДЗЕНТИ Нодар,** журналист

Нæуæг анзмæ иpæнттæ берæ раздæр цæттæ кæнун райдайунцæ. Алли хæдзари æфсийнæ дæр æ аллибони куститæ ниуулдзуй æма хъæбæрхуарæй уадзуй арахъ, цæттæ кæнуй бæгæни. Нæуæг анзи æхсæви дзоллагæй фицуй фуркъатæ æма хæдзайрон иннæ цæрæгойти фæлгонцтæ: стортæ, бæхтæ, кæркитæ. Æфсинттæ еци куститæ ку фæккæнунцæ, уæд еци рæстæг хестæр нæлгоймæгтæ дæр фæскуст сæ дамбацатæ, хъæматæ æма æхсаргæрдтæ æнæдзоргæй райсунцæ æма сæ æнæдзоргæй кæдзос кæнун райдайунцæ. Зæронд анзæй, дан, хуæцæнгарзæй ести цъумурæй ку байзайа, уæд нæуæг анз нæбал фæббæззуй къохмæ райсунмæ: цауæни уа, æндæр гъуддаги си ку пайда кæнай, уæд тæссаг æй дæхе цардæн.

Фæстагмæ ралæууй Нæуæг анз. Æвваст райгъусунцæ топпити æма дамбацати гæрæхтæ. Алли гъæуи дæр искарз уй бæрæгбони æзгули. Æцæгæлон адæймаг бангъæлидæ, адæм фæдеси фæццæунцæ, зæгъгæ. Æхсæви саухæнгæ бонмæ нæ банцайунцæ гæрæхтæ.

Иpæнттæ Нæуæг анзи æхсæви гæрæхтæ фæккæнунцæ уæларвмæ Мæйæмæ гъавгæй. Æруагæс си кæнуй, анз еу хатт – Нæуæг анзи æхсæвæ Мæйæн тæссаг ке фæууй циуавæрдæр залиаг хелагæй – уæларвон хелагæй, ку æй ранихъуæра, уомæй. Залиаг хелагæ Мæйæ ку ранихъуæра, уæд Зæнхæбæл цæйбæрцæ фидбилизтæ æрцæудзæнæй, уой лæдæргæй æй иpæнттæ еумæ хъазауатонæй фæгъгъæуай кæнунцæ.

# НÆУÆГ АНЗИ АМОНД ÆМА ИРИСХЪÆМÆ БÆЛЛУНЦÆ ДУЙНЕЙ ЕУГУР АДÆМТÆ ДÆР



Нæуæг анзи хуæдразмæ Куби цæргутæ кæдзос донæй байдзаг кæнунцæ æгтæ, къибилатæ, гъосинтæ, къостæ, уæдта фæсæмбесæхсæвæ сæ къæразгæй расæххæт кæнунцæ гъæунгæмæ. Уадзæ, æма, дан, Нæуæг анзи нæ цард, нæ нæдтæ уонцæ дони хузæн кæдзос. Адæм кæрæдземæн арфитæ фæккæнунцæ. Æмбесæхсæвæ, Нæуæг анз ку ралæууй, уæд гъæуама алкедæр тагъдтагъдæй рахуæра сæнæфсери 12 гагай, æма, дан, уæд амондæй, бæркадæй, игъæлдзæгдзийнадæй нæ фæххецæн уодзæнæ анзи дæргъи. Сувæллæнтти Нæуæг анз ба кубæйæгтæмæ хуннуй Къаролти бон. Сабийтæ рагацау финстæгутæ ниффинсунцæ лæвæрттæ хæссæг къаролтæ Бальтасар, Гаспар æма Мельчормæ, æма син етæ Нæуæг анзи æхсæвæ исæнхæст кæнунцæ сæ фæндитæ.

Шотландий æмбесæхсæви еугур нæлгоймæгтæ дæр рандæ унцæ синхæнттæмæ, цæмæй фиццагидæр балæууонцæ сæ къæсæрбæл. Сæ бæсти уотæ силгоймаг ку бакæна, уæд, дан, е амонуй Нæуæг анзи бийнонти цард дзæбæх ке нæ уодзæнæй, уой. Уотæ фæдздзорунцæ борхелæ адæймаги туххæй дæр. Саухелæ нæлгоймаг ба син кæддæриддæр фæууй зæрди фæндæуагæ иуазæг æма фарнæхæссæг.



Венгрий æгъдаумæ гæсгæ, Нæуæг анзи фиццаг усми бийнонтæ райдайунцæ æскъот кæнун се ’нгулдзитæй, æскъотгæнæнтæй, уадиндзтæй. Уотемæй хæдзарæмæ хæстæг нæ уадзунцæ хæран тухти, сайтæнтти, сæ разæй гъæуама фæуузнцæ цийнæдзийнадæ, амонд æма гъæздугдзийнадæ. Бæрæгбонмæ цæттæ кæнгæй, венгрийæгтæй иронх нæй хуайраги магион тухæ дæр. Нæуæг анзи фингитæбæл гъæуама æвæрд уа хъæдорæ – уод æма бауæри тухæн, фæткъутæ – адæймаги, дан, кæнунцæ рæсугъд æма уарзæгой, æнгозтæ – гъæуай кæнунцæ фудбонæй, фидбилизæй, бодæн – незтæ сорæг, муд – адгин цардæн.

Финляндий сæйраг бæрæгбонбæл нимад æй Цæппорсе. Бæрæг æй кæнунцæ 25 декабри. Еци бон Метин Дада æрцæуй Лапландийæй æма сувæллæнттæн æрхæссуй лæвæрттæ устур тæскъи дзаг. Финнаг æгъдæуттæмæ гæсгæ, Нæуæг анзи агъоммæ бийнонтæ дзæбæх сæхе фертайунцæ абанай, цæмæй сæ бауæр искæдзос кæнонцæ зæронд анзи берæ зиндзийнæдтæ æма сагъæстæй. Уомæй уæлдай финнæгти æгъдаумæ гæсгæ, Нæуæг анзи фингитæбæл æрбадун æнгъезуй тæккæ минкъийдæр фараст хатти. Хæдзари хецау цæйбæрцæ фулдæр хуæра, уойбæрцæ Нæуæг анзи зæрдиагдæрæй косдзæнæй, æма е ба уотæ амонуй, æма хæдзарæ фургъæздугæй æ билтæй ракæлдзæнæй. Мадта Нæуæг анзи æхсæвæ финнæгтæмæ бодæн æма муд хуæрун æнæмæнгæ ке æнгъезуй, е дæр дессаг макæмæ фæккæсæд.

Бирми Нæуæг анз ралæууй 12 апърелæй 17 апърели ’хсæн. Бæрæгбони бæлвурд бон фегъосун кæнуй культури Министрадæ сæрмагонд бардзурдæй. Нæуæг анзи бæрæгбон рахæссуй æртæ бони. Бирми цæргути рагон æуууæнкæдзийнадæмæ гæсгæ, уаруни изæдтæ цæрунцæ стъалутæбæл. Еуæй-еу хатт æрæмбурд унцæ арви кæрони игъæлдзæг гъазтмæ, æма уæд зæнхæ бафсæдуй гъар уарунæй – е ба æй гъæздуг тиллæги нисан. Цæмæй уæларвон тухтæй арфиаг уонцæ, уой туххæй син се ’ргом здахунцæ бæттæн ивазунæй. Еристи фæйййархайунцæ дууæ гъæуей нæлгоймæгтæ (сахари – дууæ гъæунги), силгоймæгтæ æма сувæллæнттæ ба уаруни изæдти разæнгард кæнунцæ хъæлæба æма къохæрдзæфæй.

Вьетнами бæрæгбони размæ фæццæттæ кæнунцæ берæ аллихузи хуæруйнæгтæ. Фал уони æхсæн фулдæр æргом здæхт цæуй æ гахæ пириндз, фид, хъæдорæ æма гъæдзиндзæй конд кæмæн фæууй, уæхæн губæрттæмæ. Еци губорæбæл ахургæндти гъудимæ гæсгæ цæуй дууæсæдæ анземæй фулдæр.

Хæстæг Хорискæсæни бæстити Нæуæг анзи лæвæрттæ кæнгæй, гъæуама дæхе цæлæмбудæй ма равдесай. Уомæн æма еугур хæрзтæ фæстæдæр æнцонæй банхæст кæндзæнæ, хæдзари хецауæн хæдзари дзаумæуттæй ескæций ку растауай, уæд. Æгъдау уотæ амонуй, æма еци дзаумау гъæуама, æнæмæнгæ, лæвæрд æрцæуа иуазæгæн.



Япойнаг сувæллæнттæ Нæуæг анзбæл æмбæлунцæ нæуæг дарæси. Нæуæг анзи æхсæвæ сæ бази буни байвæрунцæ авд изæдей хузтæ. Нæуæг анзи æрцуд фегъосун кæнунцæ дзæнгæрæгти 108 цæфемæй. Япойнæгти æуууæнкæдзийнадæмæ гæсгæ, дзæнгæрæги алли цæф дæр адæймаги лæгъуз менеугутæй маруй еу. Куд нимайунцæ, уотемæй лæгъуздзийнæдтæ æдеугурæй æнцæ æхсæз: цæлæмбуддзийнадæ, хицæ, хæрандзийнадæ, æдулидзийнадæ, рæуæгзунд æма тæрсагæ ун. Фал ма аци менеугутæй алкæмæн дæр ес фæйнæ 18 хузи. Уони фесафуни туххæй фæццæгъдуй япойнаг дзæнгæрæг 108 хатти. Нæуæг анзи фиццаг минутбæл гъæуама адæймаг ходгæ кæна, е, дан, амонд хæссуй. Сæумæй, Нæуæг анз æ барти ку бацæуй, уæд адæм рацæунцæ æндæмæ хорискаст фæууинунмæ æма кæрæдземæн арфитæ, лæвæрттæ кæнунцæ. Нæуæг анзи æхсæвæ япойнæгтæмæ егуремæй кадгиндæр дзаумау фæууй пахса. Гъæуама æнæмæнгæ уа хæдзари – цæмæй си бийнонтæ амонд æрбасæрфонцæ. Пахса исаразунцæ бамбукæй, æ дæргъæ 10 сантиметремæй 1,5 метрей уæнгæ æма ’й исрæсугъд кæнунцæ алли хузтæй.



Францый Нæуæг анзи фингæбæл æнæуæн нæййес духовки фунх гогузæн. Мадта сæмæ æпхæ муди тулдæй дæр хъæбæр цитгин æй. Е уой бæрæггæнæн æй, æма анзи медæгæ бæркад-берекетæй бийнонтæ хайгин уодзæнæнцæ. Франций ци минкъий кафетæ ес, уонæми ба фæццæуй сæрмагондæй лотерейæй гъазт, кæцими рамолæн фæууй карк, гогуз кенæ ба хъибил æма далис дæр. Франций гъæути иуазæгуати цæугæй æгъдаумæ гæсгæ дæ хæццæ гъæуама райсай соги хъуæл – гъардзийнадæ æма ирисхъи бæрæггæнæн.

Немуцæгтæмæ ба Нæуæг анзи фингæбæл гъæуама уа кæсалгæ – карп. Цæттæ ’й фæккæнунцæ сæ рагфидтæлтæ æй куд кодтонцæ, уомæ гæсгæ. Фæууй дессаги хуæрзадæ. Уæдта ма еци кæсалги цъарæй дæ киси ку ниввæрай, уæд дин æрхæсдзæнæй Нæуæг анзи амонд æма ирисхъæ.

Судайнæгтæ Нæуæг анзи кæрæдземæн фæйййарфитæ кæнунцæ, цъæх æнгозæ иссерæ, зæгъгæ. Е, дан, адæймагæн амонд хæссуй. Æма цæмæй амондгунтæ фулдæр уонцæ, уой туххæй рагацау алли рауæнти рагæлдзунцæ берæ цъæх æнгозтæ. Æнæ лæвæрттæй циуавæр Нæуæг анз ес? Еци æхсæвæ сæмæ æнгъæлмæ фæккæсунцæ куд сувæллæнттæ, уотæ хестæртæ дæр. Фал ес уæхæн дзаумæуттæ, æма сæ еуæй-еу бæстити лæвар кæнун не ’нгъезуй. Зæгъæн, Китайи лæваргонд сахатæн ес æнамонддзийнади нисан. Латинаг Америки еуæй-еу бæстити – къохмæрзæнтæн. Араббаг бæстити ба не ’нгъезуй æфсийнæн лæвæрттæ кæнун, уæдта ин карз ниуæзтæ хæссун.

*Нæуæганзон ракувд: «Нихаси Уасгерги, табу дин уæд! Нæ дзурди фарнæ æма амонд куд уа! Изæдтæ æма идаугутæмæ дæр куд игъосонцæ! Лæгъузгæнгути куд сæттонцæ! Еци арфитæ нин Нæуæг анзи ракæнæ!..»*

❄ ❄ ❄

Минкъий кизгæ æ мадæн агъаз кæнуй Нæуæг анзи бæрæгбони фингæ цæттæ кæнунмæ. Кард райста æма къалбас устур хæйттæй лух кæнуй. Æ мадæ ин бауайдзæф кодта:

– Кизгæ, тæнæгдæр хæйттæй сæ лух кæнæ!

– Æма æз уони мæхецæн лух кæнун.

❄ ❄ ❄

**– Мæ мадæ, цæхуæн лæвар дæ гъæуй Нæуæг анзмæ?**

**– Тæккæ хуæздæр лæвар – дæ хуарз бæрæггæнæнтæ скъолай!**

**– Байрæги кодтай, мамæ, æз дин духи балхæдтон!**

❄ ❄ ❄

Вовочки фæрсуй æ мадæ:

– Нæуæг анзи бæрæгбони фæсте æз адгийнаг нæбал хуæрдзæнæн, дæ фидæ ба æ тамаку думун нииуадздзæнæй. Ду ба?

– Æз ба, ка ’й зонуй, скъоламæ цæун нииуадзон...

❄ ❄ ❄

**– Мамæ, мамæ, нæ назу бæласæ цæфсуй!**

**– Нæ, цæфсгæ нæ кæнуй, фал тæмæнтæ калуй.**

**– Мамæ, мамæ, кæсай!.. Нæ къæразгæмбæрзæнтæ дæр тæмæнтæ калун райдæдтонцæ!**

❄ ❄ ❄

– Нæ хъазар биццеу, Нæуæг анзмæ дин ци балæвар кæнæн?

– Танк, лего гъазт... æма мæ æртæ бони исуæгъдæ кæнетæ дæндæгутæ æхснунæй!..

❄ ❄ ❄

**– Баба, ба ’й зонай, кæци поезд хъæбæрдæр æрæгæмæ кæнуй?**

**– Кæци, биццеу?**

**– Ду мин фарæ Нæуæг анзмæ зæрдæ кæмæй байвардтай, е!**

❄ ❄ ❄

Минкъий биццеуæн Нæуæг анзмæ балæвар кодтонцæ куй сенбернар. Фал æй, мæгур æ бон, сувæллон нæ балæдæрдтæй: ке си кæмæн балæвар кодтонцæ, уой.



❄ ❄ ❄

**– Уæхæн идард балций дæ уоси мади ракæнунмæ дæ нифс куд бахастай?**

**– Уотæ мин загъта, Сау денгиз, дан, ку фæууинон, уæд мæ рамæлæтбæл дæр арази дæн.**



# ХОДÆГИ ХАЛÆ РАХУÆРÆ!

❄ ❄ ❄

– Хуарз лæг, дæ уосæн бæрæгбонмæ балхæнæ дедегутæ!

– Æз уосгин нæ дæн.

– Мадта дæ уарзон кизгæн.

– Уарзон кизгæ дæр мин нæййес.

– Балхæнæ ’й мадта, уæхæн æнæмæтæ цард ке кæнис, уой туххæй.

❄ ❄ ❄

**– Дохтир, дæ агъаз мæ багъудæй. Нæ лæг цидæр æнахур незæй фæссæйгæ ’й.**

**– Гъома?**

**– Æнæгъæнæ сахат ин мæ гъæститæ фæккодтон, е ба мæ, цума игъосгæ дæр нæ кæнуй...**

**– Хуарз уосæ, е нез нæй, е æй устур искурдиадæ.**

❄ ❄ ❄

– Аци анз ма дин фæстаг хатт зæгъун: æфстау ми ци дæс мин соми райстай, уони мин уæддæр Нæуæг анзмæ гæсгæ фæстæмæ радтæ.

– Хуарз æй, фæстаг хатт ма мин ке зæгъис, е. Æндæра де ’хца коруни хабарæй мин мæ зæрдæ исцъæх кодтай.

❄ ❄ ❄

**– Нæ лæг, зæгъай мин, аци анз циуавæр нæуæг модæ уодзæнæй?**

**– Æз си федарæй дууæ хузи пъолций зонун: фиццаг – дæ зæрдæмæ ка нæ фæццæуздзæнæй, уæхæн. Дуккаг ба – мæнæн мæ бон балхæнун ка нæ бауодзæнæй, уæхæн.**

❄ ❄ ❄

Дууæ лæги бадунцæ финги уæлгъос:

– Дæ цæститæ ци ницъцъундæ кæнис, водкæ ку фæнниуазис, уæд?

– Мæ биййойнагæн федар дзурд равардтон, æз аци ниуæзтæмæ кæсгæ дæр ке нæбал бакæндзæнæн, уой туххæй.

❄ ❄ ❄

**– Не ’фсийнæ, нæ бор карк цидæр мæтъæл æй. Куд дæмæ кæсуй, ливзæ си искæнæн?**

**– Кæд ин уомæй æ зæрдæ барохс кæндзæнæ, уæд имæ мабал кæсæ...**

❄ ❄ ❄

– Абони еу газети бакастæн, гъома, дан, адæймаг анзмæ гъæуама бахуæра æртæ кили цæнхæ, – загъта сехуарбæл уосæ æ лæгæн.

– Е бæргæ раст æй, мæ хъазар, фал еу хуæрдæн нæ, – цæхгун басæ хуппитæгæнгæй ин дзуапп равардта лæг.

❄ ❄ ❄

**Трамваймæ уæззау хæссуйнæгти хæццæ бахизтæй рацæргæ силгоймаг. Фæсевæдбæл æ цæстæ радардта, æма си æ бунатæй ку неке базмалдæй, уæд загъта:**

**– Гæрр, аци вагони еу уосгор лæхъуæн дæр нæййес?**

**– Уосгортæ æма си киндздзон кизгуттæ бæргæ берæ ес, фал æ бунат хестæрæн ка радта, уæхæн ба си, æвæдзи, нæййес, – загъта бæлццæнттæй еу.**

❄ ❄ ❄

Зæлинæ фæрсуй Мæдини:

– Зæгъай, ме ’мбал, мæ нæуæг лæг дæмæ куд кæсуй?

– Лæги ходæ даруй?

– Мадта ци гъæуама дара!

– Гъема хъæбæр хуарз... Дæу æндæр ку неци гъæуй!..

❄ ❄ ❄

**– Фусунтæ сæ иуазгути гъæугæронмæ цæмæн рафæндараст кæнунцæ?**

**– Цæмæй сæ баруагæс уа, æцæгæй ке рандæ ’нцæ, е.**

❄ ❄ ❄

Фидæ дзоруй æ фуртмæ:

– Биццеу, мæ хор, равдесай мæмæ дæ бонуг.

– Мæхемæ нæй папæ, ме ’мбалмæ æй равардтон æ фиди тæрсун кæнунмæ.

❄ ❄ ❄

**– Папæ, мамæ дин дæ зæрдæ цæмæй фæххæцодун кодта?**

**– Лæдæрис æй, мæ кизгæ, Нæуæг Анзи бæрæгбонмæ æз дæ мадæн норкити царæй конд шубæ балæвар кодтон, е ба мин дасæн лезвитæ.**

**– Папæ, æма дæу дæр норкитæй конд шубæ гъудæй?**

❄ ❄ ❄

Цума ма нæ постхæссæгæй сæрæндæр æма зæрдхæлардæр адæймаг разиндзæнæй...

– Уагæр кæми фескъуæлхтæй?

– Газеттæ нæ рафинстон, уотемæй мæмæ алли бон дæр цалдæр æрбадæттуй.

❄ ❄ ❄

**Карз ниуæзтæ хæссуй устур бæлахтæ, – дзоруй лектор адæмæн. – Уой азарæй еу æма дууæ биййонти нæ рахецæн æнцæ...**

**– Дæ хуарзæнхæй, бæлвурддæр æй зæгъай, уой туххæй цæйбæрцæ бануазун гъæуй? – æхе нæбал бауорæдта Хъилцæ.**

❄ ❄ ❄

– Дæумæ гæсгæ, æдули ке ес исконæн?

– Е æй уæхæн адæймаг, æма ин еу дзоруй, фал си уомæн æ сæри неци цæуй. Балæдæрдтæ?

– Неци ин балæдæрдтæн.



Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Алани мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службы Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **500**. Заказ **№ 2628**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 28.12.2022.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 28.12.2022.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**